



Seyans Ekout sou Plan Patisipasyon Piblik EEA ak DPU

Biwo Egzekitif Afè Enèjetik ak Anviwònmantal
Caroline Lemoine, Direktè Adjwen Jistis Anviwònmantal
pou Afè Ekstèn

Depatman Sèvis Piblik yo
Veena Dharmaraj, Direktè Jistis Anviwònmantal
ak Patisipasyon piblik la




Wèbinè Lojistik

- **N ap bay entèpretasyon** lang an: Español, Kreyòl ayisyen, Português, 普通话, Tiếng Việt, and Kriòlu Kabuverdianu.
 - To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
 - Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e selecione “Portuguese”
 - Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Globe” y seleccione “Spanish”
 - Pou rantre nan chanèl kreyòl ayisyen an, klike sou ikòn "Entèpretasyon" an epi chwazi "Kreyòl ayisyen "
 - 要以普通话参加会议, 请单击口语图标并选择 "Chinese".
 - Đ tham gia buổi tiếng Việt, hãy bấm vào biểu tượng "Quốc đũa cầu" ak chọn Tiếng Việt.
 - Pa partisipa na Kriòlu Kabuverdianu, kalka na “Globo” y selesiona Kriòlu Kabuverdianu.

Interpretation



Closed Captioning



Unmute



Chat



Live Transcript



Interpretation

Leave



Objektif Plan Patisipasyon Piblik la (PIP)

- Objektif PIP a se asire aksè siyifikatif nan sèvis, pwogram, aktivite, ak materyèl pou tout moun, kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, etnisite oswa zansèt, andikap, klas, revni, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, kwayans relijye, oswa konpetans nan lang anglè.
- PIP a bay yon kad pou patisipasyon piblik efikas ki angaje kominote ki afekte a epi mande kontribisyon siyifikatif piblik la.

Sansibilize Piblik la Efikasman – Plan Patisipasyon Piblik EEA (PIP)



- **Devlope yon estrateji plan patisipasyon piblik pou pwosesis pou pran desizyon konsènan devlopman, aplikasyon, ak aplikasyon lwa, règleman, ak politik anviwònman, tankou politik chanjman klima, ki ankouraje enklizyon.**
- **EEA pran angajman pou enklizyon nan pwosedi sa yo ki konpoze de:**
 - Angaje l bonè bò kote elektè yo
 - Kenbe elektè yo enfòme nan chak etap nan pwosesis pou pran desizyon an, soti nan pwopozisyon inisyal la rive nan aplikasyon final la, pou ankouraje konfyans ak transparans.
 - Entansyonèl nan rechèch opinyon piblik la
- **Enkòpore opinyon piblik la nan pran desizyon nan limit posib lalwa pèmèt sa.**



Eleman Fòmasyon Anplwaye – Plan Patisipasyon Piblik EEA (PIP)



- Fè fòmasyon anplwaye nan tout EEA pou asire anplwaye yo konprann ak aplike konsèp prensip jistis anviwònmantral yo an akò ak Lwa sou Plan Klima a.
 - Idantifye kominote EJ yo
 - Tradui materyèl yo
 - Minimize jagon endistri a
 - Bay sèvis entèpretasyon
 - Bay aksè ekitab reyinyon piblik





Administrasyon Plan Patisipasyon Piblik EEA (PIP)

- **PIP sa a se yon dokiman vivan ki pral mete ajou fòmèlman chak de ane pou reflekte chanjman nan bezwen kominote a, asire kominote a rete pi gwo priyorite nou.**
- **Biwo Sekretè a dwe itilize PIP sa a kòm yon gid pou devlope plan sansibilizasyon ki adapte ak aksyon, aktivite, oswa pwogram ajans kle yo:**
 - **Jesyon Zòn Kotyè (CZM)**
 - **OTA**
 - **MEPA**
 - **MEP**
- **Chak ajans ki depann de EEA ap devlope pwòp Plan li pou Patisipasyon Piblik la, nan itilize PIP EEA a kòm yon modil, epi adapte li ak aksyon, aktivite, oswa pwogram ajans kle li yo.**



Plan Patisipasyon Piblik DPU (PIP)

- Evalye si yon pwosedi oswa aksyon Depatman an pral gen yon enpak dispwopòsyone sou popilasyon EJ yo
- Egzije pi gwo nivo piblikasyon ak kontak kominotè pou pwosedi enpòtan yo
- Idantifye pi bon pratik pou amelyore patisipasyon piblik la ak angajman kominote a

Pratik Kle - Plan Patisipasyon Piblik DPU (PIP)

- Sansibilize entèvenan yo, tankou òganizasyon kominotè yo, pou fè konnen opòtinite pou bay fidbak pou pwosedi enpòtan Depatman an inisye yo
- Mande petisyonè yo pou yo fè kontak ak lidè minisipal ak kominotè yo omwen 30 jou anvan yo depoze yon petisyon bay Depatman an pou pwosedi enpòtan petisyonè a te inisye
- Tradui dokiman enpòtan epi bay entèpretasyon pou pwosedi enpòtan pou tout moun ka patisipe epi bay opinyon kèlkeswa konpetans yo nan lang anglè.
- Ogmante mesaj yo atravè chanèl medya sosyal ak sit entènèt Depatman an, ki gen ladan enfòmasyon ki itil pou popilasyon Jistis Anviwònmanal la (EJ)



Pratik Kle - Plan Patisipasyon Piblik DPU (PIP)

- Konsidere lè, kote, disponiblite transpò piblik lè w ap pwograme odyans piblik yo
- Mete enfòmasyon nan avi sou nati pwosedi a, kijan pou fè kòmantè oswa ale nan odyans piblik, dat limit pou kòmantè, kijan pou mande sèvis aksè nan lang, ak enfòmasyon kontak kle
- Revize epi konsidere tout kòmantè yo soumèt nan yon pwosedi epi adrese yo jan sa apwopriye nan lòd yo bay la
- Pataje PIP ak anplwaye, jesyon, ak lidèchip, epi bay fòmasyon pou anplwaye sou pwosesis ak pratik





Envite fidbak sou pwojè PIP ak Kesyon Sondaj

- **Ki kanal kominikasyon ki pi efikas pou kraze baryè pou patisipasyon piblik nan kominote w la? Tanpri idantifye kominote w la.**
- **Transparans enpòtan anpil nan pwosesis priz desizyon nou an. Èske w gen sijesyon pou amelyore transparans ak asire rezon ki dèyè desizyon yo louvri pou entèvenan yo?**
- **Ki pi bon pratik ki pral gen plis enpak pou amelyore patisipasyon piblik la nan pwosedi, pwogram, ak sèvis Depatman an?**



Kòmantè Piblik

Pou ofri kòmantè piblik, tanpri itilize fonksyon Raise Hand (Leve men an). Nou pral rele patisipan yo pou yo parèt sou ekran an.

Tanpri limite kòmantè ou yo a 3 minit pou pèmèt lòt moun jwenn tan pou pale.





Lòt Resous ak Enfòmasyon

- Pwojè Plan Patisipasyon Piblik EEA ak DPU - <https://www.mass.gov/info-details/eea-and-dpu-public-involvement-plans-pips#:~:text=The%20PIPs%20are%20designed%20to,comment%20rough%20November%204%2C%202024>.
 - [Anglè](#) | [Panyòl](#) | [Pòtigè](#) | [Senplifye Chinwa](#) | [Tradisyonèl Chinwa](#) | [Kreyòl ayisyen](#) | [Vyetnamyen](#) | [Cape Verdean Creole](#)
- **Sesyans Ekout 2: An pèsòn**
 - **Madi 29 oktòb, 6:00 – 7:30 pm**, North Shore Community College, 300 Broad St, Lynn, MA 01901. [Klike isit la pou w enskri.](#)
- Kòmantè sou pwojè EEA ak DPU PIP [yo ka soumèt atravè pòtal sa a](#) oswa pa imèl ej.inquiries@mass.gov jiska **4 novanm 2024**.